

Pou Piblikasyon Imedya: 22/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTRIKSYON KAT GA METRO-NORTH RAILROAD NAN BRONX

Yon akò ant Empire State Development, MTA ak Amtrak ap pèmèt pwojè sa a k ap chanje bagay yo pou li vanse

Nouvo ga yo pral relye dezè transpò East Bronx la ak Metro-North avèk Penn Station

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen yon akò ki siyen ant MTA, Empire State Development (ESD) ak Amtrak ki pral mennen konstriksyon kat nouvo ga Metro-North Railroad sou yon liy chemennfè nan East Bronx ki pa sèvi ase avèk aksè sou Penn Station. Pati yo te siyen yon memorandòm antant k ap pèmèt pwojè sa a ki pral chanje bagay yo pou li vanse, epi konsa ofri yon opsyon transpò piblik ki nesèsè anpil epi redui yon fason konsiderab tan deplasman yo pou anpil rezidan nan Bronx. Empire State Development Corporation pral travay avèk MTA pou fè planifikasyon ak ekspedisyon pwojè a, sa ki pral ede lanse yon nouvo jenerasyon devlopman ekonomik pou Bronx. Nan kad akò a, Amtrak ak MTA pral etidye ansanm posibilite pou Amtrak opere plizyè tren pa jou sòti nan Long Island rive nan Penn Station epi k ap kontinye oswa nan nò pou ale Boston oswa nan sid pou ale Washington.

“Ge twòp rezidan nan Bronx ki san transpò piblik yo kapab konte sou li, se poutèt sa mwen te pwopoze nouvo ga sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Avèk rekonstriksyon Ga Moynihan lan k ap fèt kounye a, kat ga sa yo pral non sèlman relye East Bronx avèk Bò Lwès (West Side) Manhattan lan, men yo pral ajoute sou efò nou yo pou transfòme enfrastrikti transpò eta nou an nèt. Mwen vle remèsye Empire State Development Corporation pou asistans li nan ekspedisyon pwojè sa a pou lanse yon nouvo jenerasyon devlopman ekonomik nan Bronx. Mwen vle remèsye Amtrak tou pou akò li.”

Prezidan Enterimè MTA a Fernando Ferrer te deklare, “Lè nou pote sèvis Metro-North la nan East Bronx sa ap chanje règ jwèt la pou awondisman an, epi nou tout pa ka tann pou nou kòmanse. Pwojè sa a pral redui tan deplasman yo anpil pou rezidan East Bronx yo epi l ap ede biznis yo ak enstitisyon yo ki nan zòn nan atire anplwaye. Se yon rèv mwen menm ak plizyè santèn milye rezidan Bronx te genyen depi lontan. Mwen pa bezwen presize, nou salye lidèchip Gouvènè Cuomo a avèk Amtrak pou kite MTA fè pwojè sa a mache”.

Pandan yon reyinyon avèk Komite Metro-North Konsèy MTA a mantan an, komite a te apwouve kontra 35 milyon dola a avèk HNTB New York Engineering and Architecture pou avanpwojè rezime ak konsepsyon pwojè a, ki rele pwojè Aksè a Penn Station pou

Metro-North la. Konsèy MTA a okonplè pral reflechi sou kontra a nan jedi. Aksyon Konsey MTA a depann de yon apwobasyon menm jan an nan men Konsèy Amtrak la.

Nouvo sèvis la pral mennen tren Metro-North yo pase sou Pon Hell Gate la pou antre nan Queens, kote yo pral konbine avèk pakou Long Island Rail Road lan, pou kontinye nan Tinèl East River yo pou antre nan Manhattan epi alwès pou rive nan Penn Station. Anplis nouvo ga yo, pwojè a gen ladan nouvo vwa chemennfè ak ray mobil, epitou kouran elektrik, siyal, kominikasyon ak modènizasyon enfrastrikti. Estasyon yo gen ladan:

- Hunts Point
- Parkchester/Van Nest
- Morris Park
- Co-op City

Pwogram Envestisman 2015-2019 MTA a gen ladan envestisman inisyal 695 milyon dola a pou pwojè a, sa gen ladan 250 milyon dola an resous Eta ki pral sòti nan men ESD. MTA a ap chèche plis finansman pou pwojè a nan Pwogram Envestisman 2020-2024 la pou fini pwojè a.

HNTB pral pwopoze avanpwojè a, pandan l ap elabore orè pwojè a ak estrateji konstriksyon yo. Travay la ap gen ladan tou analiz opsyon yo pou fonksyonman tren yo sou liy nan, finalizasyon aliyman vwa chemennfè yo, ak travay sansibilizasyon kominote a. Anplis sèvis avanpwojè yo, kontra a gen ladan opsyon pou diferan metòd konstriksyon.

Anplis yon rediksyon konsiderab nan tan depasman yo pou rezidan East Bronx yo, lè nou mennen tren Metro-North yo nan Penn Station sa pral agrandi anpil rezèv mendèv la pou anplwayè yo nan East Bronx, tankou konplèks medikal yo nan zòn Morris Park la, epi sa pral ofri opòtinite depasman tou pou rezidan Bronx yo pou yo travay nan Konte Westchester ak nan Connecticut.

MTA gen lentansyon sòti yon “Lòd Demaraj Travo” bay HNTB nan kèk semèn, epi lè sa a travay sou sèvis yo ki sou kontra a pral kòmanse. Yo pral elabore yon orè pi presi pwojè a amezi travay konsepsyon an ap pwogrese.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)